

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa mangrupa makhluk sosial nu tumuwuh di masarakat. Manusa teu bisa leupas tina komunikasi, alat pikeun komunikasi antar manusa nya éta ngaliwatan basa. Basa mangrupa hal nu paling penting dina hirup kumbuh manusa. Basa mangrupa sistim sora omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (*sistematik*), tur ragem (*konvensional*) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2005, kc.10).

Rupa-rupa basa tumuwuh jeung sumebar di dunya, kaasup salah sahijina basa Sunda. Basa Sunda mangrupa basa indung urang Sunda. Nu maké basa Sunda kaitung réa, ku sabab éta basa Sunda kaasup bahasa daerah ka dua panggedéna di Indonesia sanggeus basa Jawa. Kiwari basa Sunda téh jadi basa nu wajib dipiara tur di paké ku masarakatna. Hal éta katitén dina kaputusan Perda Nomor 5 Tahun 2003 ngeunaan miara, aksara, basa, jeung sastra daerah. Luyu jeung UUD 1945 pasal 32 ayat 2 nu netelakeun yén “nagara mikahormat jeung miara basa daerah pikeun pakaya budaya nasional”. Dina makéna basa Sunda, boh lisan boh tinulis, di gunakeun rupa-rupa kecap nu ngajadikeun kalimah. Disawang tina wanguna, aya kecap asal, aya kecap jembar (rundayan, rajékan, kantétan, wacahan). Sedengkeun kecap pancén ngawengku kecap panambah (*adverba*), kecap pangantét (*preposisi*), kecap panyambung (*konjungsi*), jeung kecap panyeluk (*interjeksi*), (Sudaryat, spk. 2007). Salah sahiji kecap pancén nya éta kecap panyambung. Kecap panyambung éta téh nu dijadikeun objék panalungtikan. Éta kecap panyambung téh di saring tina surat pribadi siswa anu di analisis tina jihat wangun, fungsi, ma'na, katut kasalah makéna. Dina ieu panalungtikan, ngahaja dianalisis kasalahan makéna ku panulis, lantaran dina *observasi* kapanggih kecap panyambung nu dipaké ku siswa téh aya kasalahan.

Sakumaha nu geus di tetelakeun yén kecap panyambung téh dipaké dina ragam basa boh lisan bih tulisan, tah salah sahiji ragam basa Sunda tinulis téh nya éta surat pribadi. Ari surat pribadi téh salah sahiji bahan ajar tina kaparigelan nulis.

Dina kurikulum 2013 pangajaran Basa Sunda di SMP ngawengku opat kaparigelan basa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Iwal opat kaparigelan basa téa dina pangajaran basa di sakola kudu diajarkeun kalayan saimbang. Kalungguhan nulis geus jéntré mangrupa bagian tina opat kaparigelan basa. Hubungan antara opat kaparigelan basa téh kacida raketna. Salah sahijina nulis karangan nu biasana ngagunakeun kecap panyambung (*konjungsi*). Kecap panyambung (*konjungsi*) miboga sababaraha ma'na, teu ngan saukur pikeun nyambungkeun kecap, frasa, jeung klausa. Pikeun nambahan élmu pangaweruh élmu kabahasaan, ieu panalungtikan ngeunaan makna kecap bisa dijadikeun sumber bahan pangajaran di SMP. Alatan ningali kaayana jaman kiwari, masarakat téh geus kabawa jeung kapangaruhan ku budaya deungeun, teu saeutik masarakat nu ninggalkeun basa Sunda, jadi pangaweruh ngeunaan élmu kabasaan hususna ngeunaan kecap panyambung ogé geus jarang dipaké tur loba nu mopohokeun.

Pangajaran basa Sunda ogé tangtu miboga tujuan nya éta sangkan para siswa mibanda pangaweruh ngeunaan basa Sunda, jeung mibanda kamahéran maké basa Sunda, jeung mibanda sikep anu hadé kana basa Sunda.

Panalungtikan ngeunaan kabasaan saméméhna geus aya panalungtikan, di antarana waé: “Analisis Kecap Panyambung dina Kolom Prosa Lirik ‘Anaking Jimat’ karangan Wahyu Wibisana (Nurhayati, 2004)”. Ieu panalungtikan téh, medar ngeunaan wangun, harti, distribusi kecap panyambung. ”Kecap panyambung dina Novél pipisahan karya RAF pikeun bahan pangajaran di SMA ku (Yayat Sudaryat, 1886)”. Éta panalungtikan téh ngeunaan wangun, distribusi, fungsi, ma'na pikeun bahan ajar. Dina ieu panalungtikan téh geus disabit-sabit ngeunaan kecap panyambung (*konjungsi*). Ari bedana ieu panalungtikan ngeunaan kecap panyambung tina surat pribadi siswa nya éta dianalisis tina jihat wangun, fungsi, ma'na, katut kasalah makéna can aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Kecap Panyambung dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMPN 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh dumasar kana “Kecap Panyambung dina Surat Pribadi Siswa kelas VIII-C SMPN 45 Bandung taun ajaran 2014-2015”. Nu disebut kecap panyambung téh nya éta kecap anu gunana pikeun nyambungkeun wangun katatabasaan nya éta nyambungkeun kecap jeung kecap, frasa jeung frasa, klausa jeung klausa, kalimah jeung kalimah, paragraf jeung paragraf, sangkan ngawangun kontruksi anu leuwih jembar. Kecap panyambung ngawengku wangun, fungsi, ma’na, katut kasalahana. Ari surat pribadi nya éta surat nu di tunjukeun ka babaturan, kolot, atawa keur kaperluan sacara pribadi.

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kecap panyambung (*konjungsi*) naon waé nu kapanggih dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015?
- b. Kumaha wangun kecap panyambung kapanggih dina nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015?
- c. Kumaha fungsi kecap panyambung (*konjungsi*) anu kapanggih dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015?
- d. Kumaha ma’na kecap panyambung (*konjungsi*) anu kapanggih dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015?
- e. Kumaha kasalahan makéna kecap panyambung dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panaluntikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun wangun, fungsi, ma’na, katut kasalah makéna dina Nulis Surat pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015 pikeun Pangajaran Nulis.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- a. kecap panyambung anu kapanggih dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015;
- b. wangun kecap panyambung nu kapanggih dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015;
- c. fungsi kecap panyambung anu kapanggih dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015;
- d. ma'na kecap panyambung anu kapanggih dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015; jeung
- e. kasalahan makéna kecap panyambung dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat panalungtikan téh nya éta pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan wangun, fungsi, ma'na, katut kasalah makéna, utamana kecap panyambung jeung ogé nambahan paélmuan tata basa sunda.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis mangpaat dina ieu panalungtikan ditétélakeun di handap.

- a. Pikeun guru, bisa dijadikeun acuan dina milih bahan pangajaran.
- b. Pikeun masarakat, méré informasi jeung nambahan élmu ngeunaan kaédah morfologi.
- c. Pikeun murid, bisa nyaho kecap panyambung tina segi wangun, fungsi, ma'na, katut kasalah makéna.

### **1.5 Sistematika Tulisan**

Ieu tulisan mangrupa laporan panalungtikan dina wangun skripsi. Eusina diwangun ku lima bab, nya éta:

Bab I ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta sistematika tulisan;

Bab II ngawengku ulikan tiori ngeunaan kecap panyambung jeung surat pribadi;

Bab III ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, ngumpulkeun data, analisis data;

Bab IV ngawengku titimuan panalungtikan jeung pedaran; jeung

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi, komunikasi.